

Enfòmasyon Enpòtan sou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun

Si w bezwen asistans pou lang, ale nan biwo pansyon alimantè lokal la pou w ka jwenn sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon.

Preyokipasyon pou Sekirite

Si w enkyè paske w ap chèche sèvis pansyon alimantè pou timoun ka mete ou menm oswa pitit ou an danje, biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lokal ou a ka ede w jwenn sèvis yo san danje. Nou ka pwoteje enfòmasyon sou adrès ou lè nou ede w enskri nan Pwogram Konfidansyalite Adrès la epi lè nou anpeche adrès ou parèt sou dokiman nou voye bay tribinal la. Nou p ap pèmèt tou pataj enfòmasyon sou lokal si w mande sa, oswa si nou aprann:

- Ou abite nan yonabri pou viktim vyolans domestik;
- Ou gen yon òdonans pwoteksyon ki enplike lòt pati a;
- Ou gen yon rekòmandasyon pou vyolans domestik oswa yon lòt deklarasyon ekri ki soti nan men yon founisè sèvis piblik oswa prive; oswa
- Yon tribinal detèmine ke kontak ak lòt pati a kreye yon risk pou ou menm oswa timoun nan sibi domaj fizik oswa emosyonèl.
- Pou lòt enfòmasyon sou sekirite, gade <https://childsupport.ny.gov/dcse/accessCssSafely.html>.

Definisyon

Timoun – yon moun ki poko gen 21 ane ke y ap chèche pansyon alimantè pou li.

Paran ki Gen Gad – paran ki se moun prensipal k ap okipe timoun nan epi ki gen gad li. Nan ka gad pataj egal, se paran ki elijib la k ap resevwa pansyon alimantè pou timoun nan.

Responsab – yon moun k ap pran swen, ki pa paran, epi ki gen gad fizik omwen yon timoun ki poko gen 21 ane. Si timoun nan ap viv ak responsab la chak jou, responsab la gen gad fizik timoun nan.

Paran Ki Pa Gen Gad – paran ki oblije peye pansyon alimantè pou timoun nan.

Moun yo Di ki Paran – moun ki ka paran jenetik timoun nan men yo poko legalman deklare se paran an.

Moun ki gen Entansyon vin Paran – yon moun ki gen entansyon etabli lyen legalman kòm paran yon timoun pa mwayen repwodiksyon asiste.

Debousman – pwosesis pou voye lajan bay paran ki gen gad la yon fwa nou resevwa pansyon alimantè pou timoun; peman lajan pansyon alimantè pou timoun nou kolekte.

Pwoteje Konfidansyalite

Nou pral kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl dapre lalwa. Gen ka kote enfòmasyon ou yo ka bezwen pataje ak gouvènman eta ak federal la. Nou pral pataje sèlman sa ki nesèsè pou bay sèvis oswa sa lalwa egzije.

Elijibilite

Nan Eta New York, tou de paran yo dwe bay timoun yo pansyon jiskaske yo gen 21 an. Nenpòt paran oswa moun ki gen gad omwen yon timoun ki poko gen 21 an kapab aplike pou sèvis pansyon alimentantè. Yon paran ki pa gen gad ka aplike tou pou sèvis yo pou l fè peman atravè pwogram nan pou asire gen yon dosye peman. Anplis de sa, yon timoun ki poko gen 21 ane ka aplike pou sèvis pansyon alimentantè pou Timoun yo.

Lè w aplike oswa resevwa Asistans Tanporè, yo ka ba w sèvis pansyon alimentantè pou timoun dapre referans ou bay Pwogram Pansyon Alimentantè pou Timoun nan. Yo ka bay sèvis pansyon alimentantè pou timoun tou si w ap aplike pou Medicaid pou tèt ou epi yo mete timoun nan oswa timoun ou an nan fanmi dakèy.

Atribisyon ak Koperasyon avèk Pansyon Alimentantè pou Timoun

Si w se yon aplikan/benefisyè Asistans Tanporè pou timoun nan, oswa Medicaid pou tèt ou ak timoun nan, oswa si pitit ou a nan Fanmi Dakèy Tit IV-E, ou oblije bay distri sèvis sosyal (distri) la dwa w genyen pou pansyon nan non ou ak nenpòt dwa pou pansyon nan non nenpòt manm fanmi w ap aplike pou, oswa k ap resevwa, asistans. Pou aplikan/benefisyè Medicaid, plasman sa a limite a sèlman sipò medikal. Lè w ap aplike pou oswa w ap resevwa Asistans Tanporè, atribisyon dwa sipò ou yo limite a sipò ki akimile pandan peryòd kote ou menm ak/oswa nenpòt manm fanmi ou yo resevwa asistans. Ou oblije bay dwa sipò sa yo epi, sof si ou reklame yon bon rezon oswa vyolans domestik pou w pa fè sa, kolabore ak Pwogram Pansyon Alimentantè pou Timoun pou jwenn lòt paran an; etabli lyen parante pou timoun nan; etabli, modifiye oswa ajiste òdonans pansyon alimentantè; epi kolekte epi fè respekte lòd pou pansyon alimentantè a.

Si w **ap** resevwa Asistans Tanporè pou timoun nan oswa Medicaid pou tèt ou ak timoun nan, w ap pran sanksyon si w pa kolabore san yo pa detèmine yon bon rezon oswa vyolans domestik, si sa aplikab.

Sèvis

Yo bay sèvis pansyon alimentantè pou timoun sa yo, jan sa apwopriye:

- **Lokalizasyon** Lòt Pati Konsène a, ki gen ladan jwenn enfòmasyon sou adrès, travay, lòt sous revni ak byen, ak asirans swen sante;
- **Etablisman Lyen Parante** pou yon timoun pa mwayen pwosesis rekonesans volontè a oswa pa mwayen yon pwosè nan tribinal;
- **Etablisman** ak/oswa **Modifikasyon** yon òdonans pou pansyon alimentantè, ki gen ladan etablisman kouvèti asirans sante oswa sipò medikal lajan kach, si sa disponib, nan men youn nan paran;
- **Koleksyon** ak **Distribisyon** pansyon alimentantè pou timoun oswa pansyon alimentantè pou timoun ak konjwen ansanm, ki gen ladan depans pou edikasyon, depans pou gadri, ak sipò medikal lajan kach; ak
- **Fè Respekte Obligasyon Pansyon Alimentantè yo** pa mwayen dediksyon nan revni; sezi ranbousman taks; sezi byen ak prim lotri; rapò bay biwo kredi yo; sispann lisans chofè Eta New York paran ki pa gen gad timoun lan; depo ak pouswit petisyon pou vyolasyon ak referans nan Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance) Eta New York la pou koleksyon

Yo bay tout sèvis ki endike anwo yo pou paran ki abite nan lòt konte, eta ak kèk peyi tou.

Obligasyon Pansyon Alimantè pou Timoun

Obligasyon pansyon alimantè pou timoun debaz la gen ladan yon obligasyon ki baze sou pousantaj, yon dispozisyon pou kouvèti asirans sante ak/oswa sipò medikal lajan kach, depans pou gadri timoun nan, ak depans edikasyon pou timoun nan, si tribinal la detèmine sa (Lwa sou Tribinal Fanmi § 413 ak Lwa sou Relasyon Domestik § 240).

Yo aplike liy direktris pou pousantaj salè a pou revni paran yo melanje ansanm rive jiska 163,000 dola. Pou plis pase 163,000 dola, tribinal la ap deside si pou yo sèvi ak liy direktris pou pousantaj la. Tribinal la ka devye de obligasyon ki baze sou pousantaj ki baze sou faktè ki etabli nan Lwa sou Tribinal Fanmi § 413(1)(f) ak Lwa sou Relasyon Domestik § 240(1-b)(f).

Pousantaj Pansyon Alimantè pou Timoun

1 timoun	17%
2 timoun	25%
3 timoun	29%
4 timoun	31%
5 oswa plis	omwen 35%

Obligasyon sou Revni Ba: Si revni paran ki pa gen gad la pi ba pase nivo federal povrete a, montan sipò a ka limite a 25 dola pa mwa. Lè revni yo pi ba pase rezèv oto-sipò (135% nan nivo federal povrete a), men pi wo pase nivo federal povrete a, montan sipò a ka limite a 50 dola pa mwa.

Ajisteman Kou Lavi (Cost of Living Adjustment, COLA): Yon òdonans elijib pou COLA lè li gen omwen de (2) ane epi sòm chanjman pousantaj mwayèn anyèl nan CPI-U (Endis Pri Konsomasyon) a egal oswa pi plis pase dis (10) pousan depi yo te pibliye, modifiye oswa ajiste òdonans lan. Chak dezan kont ou an pral revize pou detèmine si òdonans ou a kalifye pou yon COLA. Yo voye yon avi bay tou de pati yo lè yon òdonans kalifye pou yon COLA. Ajisteman COLA a fèt san yo pa ale nan tribinal.

Modifikasyon Òdonans: Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lan ka ede w depoze yon petisyon pou modifiye òdonans pansyon alimantè w la, si sa nesèsè. Nenpòt pati gen dwa pou yo chèche yon modifikasyon nan òdonans pansyon alimantè a ki baze sou yon chanjman konsiderab nan sikonstans, twazan pase, oswa yon chanjman 15% oswa plis nan revni youn nan paran yo.

Dwa ak Enfòmasyon Konsènan Pwosedi Legal yo: Ou gen dwa pou yo enfòme w sou lè, dat ak lokal nenpòt pwosedi nan tribinal ki enplike ou. Y ap ba w yon kopi nenpòt òdonans ki etabli, modifiye, ajiste oswa fè respekte yon òdonans sipò, oswa nenpòt òdonans ki rejte petisyon an.

Distribisyon Peman

Peman pansyon alimantè yo distribiye dapre règleman distribisyon federal ak Eta New York.

- **Si paran ki gen gad la pa janm te resevwa Asistans Tanporè,** yo pral resevwa tout sipò yo kolekte epi ki dwe fèt, eksepte Frè Sèvis Anyèl la ak rekiperasyon depans pou sèvis legal yo, si sa aplikab.
- **Si paran ki gen gad la ap resevwa Asistans Tanporè,** y ap peye Eta a ak distri sèvis sosyal la koleksyon pansyon alimantè yo resevwa yo pou ranbouse jiska montan total Asistans Tanporè ke yo te peye paran ki gen gad la. Y ap peye paran ki gen gad la yon peman “repasaj” pansyon alimantè pou timoun nan pansyon aktyèl yo kolekte chak mwa anplis Asistans Tanporè yo peye a. Peman tranzitwa a se yon kantite lajan ki rive jiska 100 dola pou chak mwa nan pansyon alimantè aktyèl yo kolekte oswa jiska montan obligasyon pansyon alimantè aktyèl la, kèlkeswa sa ki mwens lan, pou nenpòt fwaye ki gen yon moun ki poko gen 21 lane aktif sou ka Asistans Tanporè a. Peman repasaj bay fanmi an ogmante jiska 200 dola chak mwa nan pansyon alimantè aktyèl yo kolekte oswa jiska montan obligasyon pansyon alimantè aktyèl la, kèlkeswa sa ki mwens lan, pou fanmi Asistans Tanporè ki gen de oswa plis moun ki poko gen 21 ane aktif sou ka Asistans Tanporè a. Y ap peye paran ki gen gad la nenpòt pansyon yo kolekte apre yo fin ranbouse tout Asistans Tanporè yo peye bay paran ki gen gad la.
- **Si paran ki gen gad la te resevwa Asistans Tanporè anvan,** yo pral itilize kòb lajan pansyon alimantè pou timoun yo te resevwa yo pou peye dabò pansyon aktyèl la, apre sa yo pral peye pou pansyon aryere yo/ki pase lè ke yo dwe paran ki gen gad la, epi answit pou sipòte pansyon aryere yo/ki pase lè yo dwe distri a. Koleksyon yo resevwa nan konpansasyon ranbousman taks federal yo pral peye dabò pou satisfè nenpòt pansyon aryere sipò/ki pase lè ke yo dwe distri a epi answit pou sipòte pansyon aryere/ki pase lè ke yo dwe paran ki gen lagad la.
- **Si paran ki gen gad la ap resevwa Medicaid,** y ap peye Eta a ak distri a peman pansyon alimantè yo resevwa yo pou ranbouse jiska montan total Medicaid ke yo te peye yon founisè.
- Si timoun nan ap resevwa swen nan fanmi dakèy, yo pral peye distri a lajan pansyon yo kolekte yo. Yo pral peye distri ki sipèviz plasman timoun nan ak fanmi dakèy la nenpòt pansyon alimantè yo kolekte ki depase peman antretyen swen nan fanmi dakèy la pou itilize nan fason li detèmine ki pral sèvi pi bon enterè timoun nan.

Rekiperasyon Peman an Eksè

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan kolekte peman pansyon alimantè timoun nan non w epi voye yo ba ou. Nan kèk ka ki ra, ka gen peman anplis. Si yon peman anplis rive, ou responsab pou w retounen oswa ranbouse lajan sa yo.

Sèvis Legal ak Depans Rekiperasyon pou Sèvis Legal yo

Aplikasyon ki pa resevwa Asistans Tanporè oswa Medicaid ka chwazi pou mande ak peye pou sèvis legal pou etabli lyen parante oswa pou etabli, modifiye oswa fè respekte yon òdonans pansyon alimantè pou timoun lè yo ranpli Akò Dwa pou Rekiperasyon pou Sèvis Legal (LDSS-4920). Yo **pa** bay sèvis legal yo pou zafè gad oswa vizit, negosyasyon, oswa redaksyon akò ranplasman..

Avoka yo asiye nan ka w la se reprezantan legal Komisè distri a epi **pa reprezante w pèsònèlman**. Nenpòt enfòmasyon ou bay avoka distri sèvis sosyal la oswa anplwaye yo **pa ka rete konfidansyèl**.

Frè Sèvis Anyèl

Gen yon frè sèvis anyèl 35 dola si ou pa te janm resevwa Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) epi Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan kolekte omwen 550 dola pou ou pandan ane fiskal federal la (ki kòmanse 1^{ye} oktòb chak ane).

Sèvis Kliyan

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pansyon alimantè pou timoun ak enfòmasyon sou peman ak kont sou entènèt nan childsupport.ny.gov oswa lè w rele Liy Asistans pou Pansyon Alimantè pou Timoun Eta New York la (New York State Child Support Helpline) nan **888-208-4485 (TTY: 866-875-9975 – Sèvis Relè <https://www.fcc.gov/general/internet-based-trs-providers>)**. Yon nimewo idantifikasyon pèsònèl (PIN) nesesè pou konfigire kont pansyon alimantè pou timoun sou entènèt ou a. W ap resevwa PIN ou pa lapòs lè kont sipò timoun ou an kreye.

Avi Kont Diskriminasyon

Eta New York entèdi diskriminasyon baze sou ras, koulè, peyi kote moun soti, andikap, laj, sèks, epi nan sèten ka kwayans relijiye oswa politik. Anplis de sa, Eta New York entèdi tou diskriminasyon baze sou idantite seksyèl, estati transeksyèl yo, disfori seksyèl, oryantasyon seksyèl, sitiyaasyon matrimonyal, sitiyaasyon viktim vyolans domestik, kondisyon ki gen rapò ak gwoès, karakteristik jenetik ki predispoze yo, rejis arestasyon oswa kondanasyon pase, sitiyaasyon famiyal, ak vanjans pou opozisyon a pratik diskriminatwa ilegal yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou w depoze yon plent kont diskriminasyon, tanpri ale sou childsupport.ny.gov.